

Enfòmasyon General de Resous nan Kominote a (Massachusetts)

(Sitiwèb avèk nimewo telefon ki gen tradiksyon an Kreyòl Ayisyen gen siy sa * bo kote I)

Ajans Aksyon nan Kominote a ka ede w lokalize resous nan zòn ou a. Pwogram yo ka gen ladan I asistans pou w jwenn manje, pwogram kay, ak aksè a lòt resous nan kominate a.

- Gade kote ajans lokal ou ye nan:

[mass.gov/service-details/community-action-agencies-contact-information*](http://mass.gov/service-details/community-action-agencies-contact-information)

Depatman Asistans Tranzisyonèl nan Massachusetts (DTA)

Jwenn ofis DTA nan zòn ou a: [mass.gov/orgs/department-of-transitional-assistance/locations*](http://mass.gov/orgs/department-of-transitional-assistance/locations)
Oswa rele 877-382-2363*. Ou ka aplike tou sou entènet nan: [dtaconnect.eohhs.mass.gov/*](http://dtaconnect.eohhs.mass.gov/)

Nan DTA ou ka aplike pou (si I apwopriye):

- **Asistans Tranzisyonèl a Fanmi ki gen Timoun ki Depann sou yo (TAFDC):** asistans lajan pou fanmi ki pa fè anpil kòb ki gen timoun anba laj 18 an
- **Èd Ijans pou Granmoun, Malad/Andikape ak Timoun (EAEDC):** asistans lajan pou sèten moun ki vrèman pa fè anpil kòb ki pa resevwa SSI e ki pa elijib pou TAFDC
- **Pwogram Asistans Siplementè pou Manje (SNAP):** se sa yo te konn rele Food Stamps, SNAP ka ede w peye pou manje

Plis Asistans Lajan

- **Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA)** la gen 2 pwogram pou moun ki gen maladi grav/andikape.

Chèche ofis lokal SSA ou an: ssa.gov or oswa rele 800-772-1213*

Nou rekòmande ou aplike an pesonn si posib.

- **Asirans Andikape Sekirite Sosyal (SSDI):** pou moun ki travay resaman e ki peye tax (FICA) yo pou omwen yon peryod de tan anvan yo te vin andikape.
- **Lajan Sekirite Siplementè (SSI):** pou moun ki andikape, avèg, oswa ki gen laj 65 oswa plis. Yon pwogram ki baze sou bezwen avèk limit lajan ak bagay moun posede.

- **Fon Ijans pou Asistans Finansye:**
 - **Mass 2-1-1:** nimewo sa lokalize asistans finansye ak lot èd nan kominate a. Rele 211*, rele 877-211-6277*, oswa chèche mass211.org/*
 - **Bezwén de baz:** asistans tanporè pou moun kap travay men ki pap fè anpil kòb ak fanmi – aplike nan modestneeds.org/ oswa rele 844-667-3776.
 - **Salvation Army:** asistans lwaye/bil elektrisite, eksétera... salvationarmyusa.org/usn/
 - **Catholic Charities:** asistans lwaye/bil elektrisite, eksétera... catholiccharitiesusa.org/
 - **Sèvis Fanmi ak Timoun Juif:** ka ede ak kote pou rete, moun kap kite kay yo pou al viv yon lòt kote, gaz, ak bil lè moun gen kay/apatman - jfcsboston.org

Plis Asistans Manje

- **Pwogram Spesyal Nitrisyon Siplemantè pou Medam, Bebe, ak Timoun (WIC):** pou w kalifye, ou menm oswa pitit ou dwe ansent, ap bay tete, ou pap bay tete e se tousuit aprè gwosès, oswa pitit ou pral gen 5 an. Ou **pa bezwen citizen** pou WIC.
 - **Pou w jwenn epi aplike nan vizit ofis WIC lokal ou:**
[mass.gov/wic-information-for-participants/locations?_page=1*](http://mass.gov/wic-information-for-participants/locations?_page=1)
- **Nimewo Project Bread's FoodSource:** 800-645-8333*, pou w jwenn kote manje lokal pou moun ki pa gen anpil mwayen
- **Fair Foods Inc. Two Dollars a Bag (2 dola pou chak sachè):** chak sachè gen manje/vegetal/fwi fre
Chèche kote lokal ou: fairfoods.org/dollarbag.html

Asistans Bil Kay Yo

- **Asistans Gaz:** ka ede fanmi ak bil chofaj nan ivè ki elijib pou sa. Chèche ajans lokal ou: hedfuel.azurewebsites.net/ oswa rele 800-632-8175
- **Plis èd:** moun ki envesti ki gen pwòp sèvis pa yo dwe ofri sèvis pi bon mache pou moun ki pa fè anpil kòb. Mande konpayi sèvis kay ou an, epi mande sou zafè plan/pwogram pou peye bil ou dwe ki anreta
- **Pwoteksyon kont Etenn:** ou ka kalifye pou pwoteksyon kont etenn sèvis nan kay ou, menmsi ou pa ka peye bil ou yo
Pou plis enfòmasyon: masslegalhelp.org/housing/lt1-pullout-6-utilities

Kay Sibvansyone

- **Sant Edikasyon pou Moun Kap Chèche Kay (HCECs):** ka ede w konprann kay sibvansyone ak jan w pou w aplike. Ka ofri w yon sipò/avoka kay.
masshousinginfo.org/regional-agencies - 617-367-9798
- **Sant Viv Endependan (ILCs):** sipò pou moun ki andikape.
mass.gov/independent-living-centers/locations*
- **Rejis Aksè Kay nan Massachusetts:** yon baz done ki montre w kote ki aksesib
massaccesshousingregistry.org
- **HousingWorks:** chèche lis moun kap tann ki piblik, avoka pou kay, ak plis bagay toujou.
housingworks.net/

Transpò

- **MassHealth PT-1:** transpò medikal gratis pou seten manm MassHealth. Mande doktè w si w kalifye
- **The RIDE:** pòt-an-pòt, yon sèvis woulib pataje pou moun ki pa ka itilize transpò piblik regilye. Rele 617-337-2727* pou mete yon randevou pou yon evalyasyon an pesonn.
- **Eskòt Medikal:** volontè ki akonpaye w lè w konn pran transpò ou abitye pran an pou al nan randevou w yo e ki ekri nòt oswa ede w mande kesyon.
 - **Friendship Works-** pou moun ki rete Boston - fw4elders.org/ or oswa rele 617-482-1510
 - **Neighbor Brigade-** nan kominate k ap patisipe yo- gade l sou entènet nan neighborbrigade.org/ or oswa rele 855-241-4357

Sèvis Granmoun

- **Aksè Sèvis Kek Kote pou Granmoun (ASAPs):** òganizasyon sèvis granmoun ki ofri sèvis swen nan kay sou yon bil k ap chanje detanzantan pou moun ki kalifye.
Chèche ajans lokal ou: massoptions.org/massoptions/* oswa rele 800-243-4636*.